ственных функций народных устных произведений – легенд. Исследуется значение монологов героев в произведении.

**SUMMARY**

The article is devoted to genre peculiarities and composition of the essay by T.Kaipbergenov «Letters to grandfather to another world». The importance of the character and personal opinion of the author were revealed in this essay. The importance of scientifical assumption was learned in order to expose the ecological problems. There have been analyzed the genre peculiarities of artistic functions of folklore- legends and the role of hero's monologues in the work.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ӘПСАНАЛАРЫНДА АТ КУЛЬТИ МОТИВИ

**Г.С.Қалбаева –** *үлкен илимий хызметкер изленийши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар**: образ, мотив, культ, миф, ишонч, тарихий манба, поэтик таҳлил.
**Ключевые слова**: образ, мотив, культ, миф, вера, исторический источник, поэтический анализ.
**Key words:** image, motive, cult, myth, belief, historical source, poetic analysis.

Орта Азия халықларының фольклорлық мийрасларында ат культи жүдә кең тарқалған. Ерте дәўирлерде бул үлкеде жасаған ата-бабаларымыздың социаллық-жәмийетлик турмысында ҳәм руўхый өмиринде атлардың роли күшли болған. Олар атты төрт түликтиң бири деп қарап, жылқының пири жылқышы атаға сыйынып, оннан мәдет тилеп жасаған. Күнделикли турмысында жер айдап, егин егиўде, қус салып, аң аңлаўда, өриске мал айдап, шарўа менен шуғылланыўда атлардың хызметинен өнимли пайдаланған. Сондай-ақ, узақ сапарға шықса, ат жолдасы болып, жолды қысқартып, алысын жақын еткен. Жаўгер-шилик саўашларда душпан қуўса жеткермей, қашқан жаўларды тутпай қоймаған жүйрик атлар ата-бабаларымыздың қол қанаты, ғамқоршысы болған. «Қанаты менен көк шарлап, туяғы менен жер танабын қуўырған тулпар образы, алысты жақын еткен ел-халық әрманы-тулпардың жүйриклигин сүўретлеў тек түркий халық аўыз еки дөретпелеринде ғана емес, ал дүнья еллериниң мийрасында да формулалық типке ийе, қәлиплескен образ» [1:115].

Атлардың инсан өмириндеги хызметлери, қәўендерлиги олардың культ дәрежесине көтерилиўине тийкар жаратқан. Әййемги адамлар атлардағы теңсиз күш-ғайратты көрип, оларға өзге әлемнен, аспан ҳәм суў асты үлкелеринен келген иләҳий күшлер сыпатында қараған. Сол тийкарда мифологияда қанатлы атлар, булт үстинде қалқып жүриўши атлар, теңиздиң астында жүзиўши атлар ҳаққында көзқараслар пайда болған. Жер қозғалыў, шақмақ, исрапыл даўыл, вулкан атылыў қусаған апатшылықларды жеңиў ушын ол жерге халық идеалындағы қаҳарманның бара алыўы ушын ушар ат, суўда жүзетуғын теңиз қулыны сыяқлы мифлик ат образлары дөретилген. Мифологиялық ат Пегас әййемги жәмийет адамларының усындай арзыў әрманларының мифлик санадағы туўындысы болып есапланады. Пегас булттың арасында жүреди. Кимде ким апатшылықты, қәўип қәтерлерди жоқ етиў ушын атланар болса, Пегасты минсе, әлбетте қәўип қәтерлерди, душпанды жеңип қайтатуғынлығы ҳаққында айтылады.

Теңиз қулыны ҳаққындағы мифлердиң реликтлери қарақалпақ эпосларында «суў тулпары» деген ат пенен бериледи. Теңиз қулыны грек мифлеринде Одиссейдиң атына байланыслы пайда болған. «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантында суў тулпар ҳаққында мағлыўматлар келтириледи. Мәселен :

Суў тулпардан болыпты
Жел бийеден туўыпты.

Сондай-ақ, «Қоблан» дәстанындағы Кербийе де суў тулпардан шағылсады. Оннан нышан сезген Куртқа Кербийени көримликке сорайды [2:43]. Қыдырбай ғарры Кербийениң суў тулпары екенлигин айтады.

К.Палымбетов Қорқыт ата жырлары менен қарақалпақ эпосларының сюжет ҳәм образлар байланысларын ҳәм көркемлик өзгешелигин салыстырмалы изертлеўге арналған мийнетинде жырдағы Баяндурханның ешки баслы ҳәм қошқар баслы аты ҳаққында төмендегише пикир жүргизеди: «Бул тотемизм дининен бурынғы, әййемги мифологиялық исенимниң бизге жетип келген елеслери болса керек. Бундай еки ҳайўанның бириктирилиўи қусаған мифологиялық сюжет дүнья халықларының фольклорында өз сәўлелениўин тапқан. Бирақ, қарақалпақ дәстанларының сюжетинде бундай деталь ушыраспайды. Тек ғана «Қоблан» дәстанында батырдың еки аты туўралы мағлыўмат ушыратамыз. Онда Қараманның Булт аты, Сағым аты болып, екеўи де қанатлы қустан қалмайтуғын тулпар ат болады» [2:51].

Ат культи ҳәм оның адамларға қәўендерлик қылыўы ҳаққындағы мифологиялық исенимлер мифлер арқалы дәстанларға (әпсаналарға, ертеклерге-Г.Қ,) кирип келген. Бирақ эпос қурылысында бул культтиң излери дәўирлердиң өтиўи менен түрли өзгерислерге ушырап, өзиниң ҳақыйқый мифологиялық функциясын социаллық-эстетикалық функцияға босатып берген [3:143]. Мәселен, дәстанларда¸ертек, әпсаналарда ат образы алыс мәнзилге жеткериўши көлик хызметинде ғана емес, ал халықтың идеалындағы қаҳарманның садық ғамхоршысы сыпатында сүўретленеди. Ол өз ийесин түрли қәўип-қәтерлерден аман сақлайды. Қәўипти сезип ал-

дыннан хабар береди. Мәселен, Қаражанның Қара аты Алпамыстың киятырғанын жети күн бурын билип, оны ийесине сездиреди. Алпамыстың аты Байшубар ийеси зинданға түскенде, зинданнан шығарып алады. Фольклорымызда бундай қәўендер ат образлары жүдә көп. Мәселен, Қобланның Кербийеси, Ғоруғлының Ғийрат аты, Мәспатшаның Боз аты, Ҳәзирети Әлийдиң Дүлдил аты, Мухаммед пайғамбардың Пырақ аты (Бурақ) мине усындай әпсанаўий қәўендер ат образлары болып есапланады. Сондай-ақ дәстанларда, әпсаналарда ат образлары идеализацияланыўы нәтийжесинде поэтикалық образға айландырылған. Мәселен, атлардың жылаўы, қыйналыўы, сөйлеўи, ийеси менен ойласыўы, айырым жағдайларда тилге кирип, ақыллылық пенен феодал класс ўәкиллериниң кәтекемшиликлерин паш етиўи қусаған ҳәрекетлери ат образының идеалластырылған көриниси болып есапланады. Мәселен, «Коблан» дәстанында батырдың аты бәйги ўақтында, жекпе-жек урысларында, қыйын өткеллерден өтиўде батырға кеңес бериў ушын оған ўақытша тил питетуғын эпизодлар бар [4:47]. Демек, эпикалық ат образы мифологиядағы атлардың диффузиясы нәтийжесинде социаллық функцияларды атқарыўшы эстетикалық ҳәм поэтикалық образ сыпатында жүзеге келген.

Әпсаналардағы ат образы өзлериниң мифлик шығысына бираз жақын етип сүўретленеди. Сулайман Бақырғанийдиң «Мераждама» шығармасы арқалы жетип келген Мухаммед пайғамбар ҳаққындағы әпсанада оның Бурақ аты «түклери жупардан, қуйрықлары райханнан, аяқлары гәўҳардан, сом алтыннан дөретилгендей, аттан уллырақ, түйеден киширек, ҳәр бир атқан адымы бир жыллық жолды алатуғын Пурақ аспанға ушады» –деп тәрийипленеди. Ҳәзирети Әлийдиң Дүлдил аты да усындай мифлик сыпатларға ийе.

Хозарасп деген қаланың атамасының келип шығыў дереклерин баянлаўшы топонимикалық әпсаналардың биринде айтылыўынша, бул жердиң адамлары мың ушар атты тутып алыў ушын олардың ҳәр күни келип суў ишетуғын булағына бийҳуш ететуғын дәрини салып қойыпты. Атлар ушып келип суўдан ишкен ўақытта бийҳуш болып қалады ҳәм адамлар усы ҳийле менен оларды тутып алыпты. Олардың канатларын кесип инсан мийнетине мәжбир етипти. Усыннан баслап бул жердиң аты Хазарасп (мың ат) деп аталыпты. Бул әпсанада географиялық орын атамасының келип шығыўын дәлиллеўши фактлер исенимли емес болса да, усы атаманың келип шығыўын дәлиллеў арқалы күнделикли турмыста қолланылып жүрген атлардың түп тийкарын әпсанаўий ушар атлар менен байланыстырады. Бунда мифлик ушар атлардың (мифлик функция) инсан турмысының пәраўанлығына хызмет етиўи-жәмийетлик-социаллық функцияға айландырылған.

Фольклоршы Ж.Хошниязовтың қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының мазмунындағы мифологиялық элементлерди тарийхый-фольклорлық көзқарастан изертлеўге бағышланған мийнетинде [4:44] «Аттың ең дәслепки үй ҳайўанларына айландырылған жерин айырым алымлар түслик рус далалары деп шамалайды ҳәм сол жерлерди ат культиниң ўатаны деп есаплайды. Алымлар бул жерде түслик рус далалары дегенде ҳәзирги географиялық бөлиниўлерге муўапық Каспий, Қара теңиз жағалаўларын айтып отырған болыўы керек. Ал ол жерлер бизиң эрамызға шекемги дәўирлерде скифлердиң, массагетлердиң мәканы болған ҳәм ат культи айырықша итибарға ийе болған. Соң түрк қәўимлери мәдениятының гүлленген дәўирлеринде ат культи оғада әҳмийетли роль ойнаған, ҳәтте олардың тәсири узақ шығыс халықларына шекем барып жеткен» [4:44] -деген пикирлерди басшылыққа ала отырып «Бул тегин эпизодлар (батырдың ат таңлаўы, атлардың батырларға қәўендерлиги) емес ҳәм бийкарға бир-биринен аўысып бизиң дәўиримизге шекем жетип келген жоқ. Тутас алып қарағанда олардың дереги ат культи дәўирлеринен басланады» деген пикирди билдиреди.

Жуўмақлап айтқанда, әпсаналардағы ат культи мотиви тотемлик дининен бурын пайда болған мифлик мотив. Бул мотив мифлер арқалы әпсана, ертек ҳәм дәстанларға кирип келген. Бирақ, бул культтиң излери дәўирлердиң өтиўи менен түрли өзгерислерге ушырап, өзиниң ҳақыйқый мифологиялық функиясын социаллық-жәмийетлик, зстетикалық функцияға босатып берген.

**Әдебиятлар**


1. Жумажанов Қ. Түркий мийрасларда тулпар образы. // «Әмудәрья», 2004, №2.
2. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы ҳәм қарақалпақ дәстанлары». -Нөкис: «Билим», 2010.
3. Саримсақов Б. Эпик жанрлар диффузияси. //Ўзбек фольклорининг эпик жанрлари. –Тошкент: 1981.
4. Хошниязов Ж. Миллий руўхый дүньямыздың сағалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада от культи мотивининг юзага келиши уни нг тарихий асослари ва диффузия жараёнидаги мифик от образининг афсона ва эпослардаги поэтик вазифалари таҳлил қилинади. От культи мотивининг мифик вазифаси эволюция жараёнида унинг ижтимоий, эстетик вазифа адо этиши йўллари очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируется возникновение культа лошади, его исторические основы появившиеся в результате диффузии в легендах и эпосах поэтическая роль образа лошади. Статья также раскрывает пути перехода мифической функции мотива культа лошади в социальную и эстетическую функцию в результате эволюции.

**SUMMARY**

The article deals with the analysis of the emergence of the horce cult, its historical basis appeared in the result of diffusion in legends and eposes. The author also reveals the transition of the mythical function of the motive of the horse cult into social and aesthetic function in the result of evolution.